



PWOPRIYETÈ GRANMOUN YO NAN BOSTON

JWENN ÈD POU APLIKE AN PÈSÒN!



Chèche konnen si w kalifye pou egzanspyon taks, ranvwa taks ak lòt ekonomi potansyèl tankou kredi taks pou Senior Circuit Breaker, SNAP, asistans pou gaz ak plis ankò.



10 Fevriye, 11am-3:30pm
Second Church
44 Moultrie St., Dorchester

4 Mas, 11am-3:30pm
BPL Honan
300 N Harvard St., Allston



12 Fevriye, 12-3:30pm
BCYF Nazzaro
30 North Bennet St., N. End

6 Mas, 11am-3pm
BPL Mattapan
1350 Blue Hill Ave, Mattapan



13 Fevriye, 11am-3:30pm
BCYF Curtis Hall
20 South St., Jamaica Plain

7 Mas, 11am-3:30pm
BPL East Boston
365 Bremen St., East Boston



18 Fevriye, 12-3pm
BPL Nubian Square
149 Dudley St., Roxbury

11 Mas, 11am-3pm
BPL Lower Mills
27 Richmond St., Dorchester



19 Fevriye, 11am-3:30pm
BCYF Blackstone
50 W. Brookline St., S. End

20 Mas, 11am-3:30pm
Knights of Columbus
545 Medford St., Charlestown



20 Fevriye, 11am-3:30pm
BCYF Hyde Park
1179 River St., Hyde Park

26 Mas, 11-3:30 pm
Boston Elks Lodge
1 Morrell St., W. Roxbury

**SCAN
ME**

24 Fevriye, 11am-3:30pm
BPL Roslindale
4246 Washington St.,
Roslindale

27 Mas, 11-3:30 pm
BPL Grove Hall
41 Geneva Ave, Dorchester



3 Mas, 11am-3:30pm
BPL South Boston
646 E Broadway, S. Boston

28 Mas, 11am-3:30pm
Boston City Hall
1 City Hall Square, Boston



RSVP - 617-635-4366 | boston.gov/prop-tax-clinics

AGE+ | Age Strong
Commission



Water and
Sewer Commission



Home Center



Environment

abod



Civic Organizing



Assessing



Worker
Empowerment

CITY of BOSTON



Bonjour Boston!

Anpil nan nou te di nou ke ogmantasyon janvye a rive nan yon moman kote ou te deja santi ke bagay yo twòp pou ou. Se poutèt sa mwa pase a mwen te prezante yon pake soulajman taks rezidansyèl elaji, ke lejislati eta a dwe pase, pou bay soulajman finansye a rezidan Boston ki afekte nan ogmantasyon taks sou pwopriyete yo.

Lejislasyon an ta bay tout rezidan yo yon soulajman imedya, ak rezidan ki pi aje yo an patikilye, lè yo ogmante elijiblite pou egzansyon "41C" pou granmoun aje epi ogmante kantite egzansyon an. Epi pandan ke nou espere ke moun ki gen enterè yo ak lejislasyon yo pral ansanm avèk nou nan bay èd kominote nou yo bezwen, mwen vle pataje resous ki egziste deja pou ede ou ekonomize lajan sou taks sou pwopriyete w kounye a; ou ka kalifye pou youn oswa pou tout nan:

- Egzanpsyon rezidansyèl Boston an ka diminye bòdwo taks sou pwopriyete w **jiska \$3,984**. Aplike anvan **1 avril**.
- Egzanpsyon pou granmoun aje "41C" ofri rezidan aje ki kalifye jiska **\$2,000** nan soulajman taks. Aplike anvan **1 avril**.
- Pwogram ranvwa taks sou pwopriyete pou granmoun aje nou an pèmèt granmoun aje ki elijib ranvwaye tout oswa yon pati nan bòdwo taks pwopriyete yo, ak yon prè **1% kie yo remèt**, lè yo vann oswa transfere pwopriyete a. Aplike anvan **1e avril**.
- **Pwogram pou retire taks sou pwopriyete Age Strong** la envite granmoun aje pou yo "travay" jiska **\$2,000** sou bòdwo taks sou pwopriyete w la lè yo sèvi kòm volontè ak depatman vil yo. Aplike anvan **11 jiyè**.

Asistans disponib pou ede ak kalifikasyon & aplikasyon. Enskri pou randevou klinik ou a nan **617-635-4366**. Pou plis enfòmasyon, vizite boston.gov/prop-tax-clinics.

Na wè nan kominote a,

Michelle Wu

Entèpretasyon lang, sèvis tradiksyon ak aranjman pou andikap yo disponib gratis. Tanpri imèl Edzani.Kelapile@boston.gov oswa rele **617-635-2360**.

